*QaraqalpaqstanRespublikası*
*StatistikaBasqarması*

# Tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investitsiyalar

**2018jıl  yanvar-sentyabr ayları.**

## *Tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investitsiyalardıǹ qarjılandırıw derekleri.*

Esabat dawirinde tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investitsiyanıǹ kólemi 3661,6 mlrd.sumdı quradı hám ótken jıldıǹ usı dáwirine salıstırǵanda 151,1 payız ósimge erisildi. Qarjılandırıw dereklerine tallaw júrgizgende ulıwma kólemniǹ 61,8 payızın, yaǵnıy 2262,4 mlrd.sumı ajıratılǵan qarajetlerdiǹ esabınan, al 38,2 payızın, yaǵnıy 1399,2 mlrd.sum karxanalardıǹ hám puxaralardıǹ qarajetleri esabınan du'zilgen.




Qarjılandırıwdıǹ oraylastırılǵan quramınan 1470,1 mlrd.sum ajıratılıp, ulıwma investitsiya kóleminiǹ 40,1 payızın, al oraylastırılmaǵan qarjılandırıw deregi 2191,6 mlrd.sum bolıp, ulıwma investitsiya kóleminiǹ  59,9 payızın quradı.

Oraylastırılǵan investitsiyanıǹ 2,7 payızı byudjet qarjıları esabınan, 8,0 payızı mámleketlik maqsetli fondlar esabınan,  15,4 payızın Ózbekstan Respublikasınıǹ kepilligi tiykarında ajıratılǵan shetel investitsiyaları hám kreditleri esabınan, 13,8 payızın tikleniw hám rawajlandırıw fondı esabınan hámde 0,2 payızı balalar sportın rawajlandırıw fondı esabınan quradı.




Oraylastırılmaǵan investitsiyanıǹ 28,1 payızı karxana hám mekemelerdiǹ esabınan ajıratılǵan. Bul kópshilik karxana hám mekemelerdiǹ óz xızmetlerin keneytiriwge, texnik hám texnologiyalıq jaqtan qayta qurallantırıwǵa jumsalǵan.

Tuwrıdan-tuwrı hám basqa sırte linvestitsiyaları hámde kreditleriniǹ kólemi 10,5 payızdı quradı.

Oraylastırılmaǵan investitsiyanıǹ 11,1 payızın kommertsiyalıq banklerdiǹ hám basqa qarız qarejetleriniǹ esabınan quradı.

Esabat dáwinde jeke tártiptegi úy-jaylardıǹ qurılısına, puxaralardıǹ esabınan jumsalǵan qarjılar 10,2 payızdı quradı.



## *Tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investitsiyalardıǹ texnologiyalıq du'zilisi*




Esabat dáwirinde qurılıs-montaj jumıslarına 1980,8 mlrd.sumlıq, mashina, ásbap-u'skenelerge 1157,0 mlrd.sumlıq hám basqa qarejetlerge 523,8 mlrd.sumlıq investitsiyalarǵa qarjı jumsadı.

Bul kórsetkishler Respublikamızda energetika hám tabiyǵıy gazdı óndiriw sanaatındaǵı qurılıs jumısları menen baylanıslı.

## *Tiykarǵı kapitalǵa ajıratılǵan investitsiyalardıǹ ekonomikalıq xızmetturleri boyınsha*



Esabat dáwirinde Respublikada ajıratılǵan investitsiyanıǹ ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha: 30,0 payızı, yaǵnıy 1098,3 mlrd.sum muǵdarında «Elektr energiyası, gaz, puw menen támiyinlew» xızmet túrine, 20,6 payızı, 753,8 mlrd.sumı «taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerde islewge», 16,4 payızı, 599,3 mlrd.sum «úy jay qurılısına», 10,9 payızı, 398,1 mlrd.sum «qayta islew sanaatına», sonıǹ ishinde «jeǹil sanaat ónimlerin islep shıǵarıwda 2,3 payız, 85,4 mlrd.sum hám «elektr uskenelerin islep shıǵarıwda 1,9 payız, 71,3 mlrd.sum, «tasıw hám saqlaw» xızmet tu'rine 5,0 payız, 184,1 mlrd.sum jumsalǵan.




Qaraqaqalpaqstan Respublikasına sırtellerden 947,2 mlrd.sumlıq investitsiya kiritildi hám ulıwma kólemniń 25,9 payızın quradı.

***Tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen sırtel investitsiya hám kreditlerdiń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha du'zilisi***

*payızda*



## *Sotsiallıq taraw obektlerin iske túsiriw*

Esabat dáwirinde ulıwma maydanı 568,0 mın.kv.metr bolǵan 4135 turaq jay tapsırıldı, sonnan 220,1 mın.kv.m awıllıq jerlerde. 75,3 mın.kv.m úlgi joybardaǵı úy-jaylar bolıp esaplanadı.

Bilimlendiriw tarawı boyınsha Nókis qalasında 216 oqıw ornına mólsherlengen mekteptiǹ qurılısı pitkerilip, paydalanıwǵa tapsırıldı. Respublikanıǹ basqa 8 rayonlarında 2166 oqıw orınına mólsherlengen mekteplerde rekonstruktsiya isleri pitkerilip, paydalanıwǵa tapsırıldı.

Den sawlıqtı saqlaw tarawı boyınsha bir smenada 950 adam qatnawına mólsherlengen ambulator-poliklinikalar (sonnan awıllıq jerlerde 575) jaǹadan hám qayta rekonstruktsiyalanıp paydalanıwǵa tapsırıldı.

Kommunallıq tarawda barlıǵı bolıp 91,2 km. suw tarmaqları, sonnan 55,2 km. awıllıq jerlerde hám 1,5 km. gaz tarmaqları, awıllıq jerlerde 0,8 km. tartılǵan.

### *Turaq jaylardıǹ iske túsiriliwi rayonlar kesiminde*

*mıǹ.kv.metrde*






***Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması***

***İnvestitsiya hám qurılıs statistikası bo'limi***

***Juwapker: Z.Seytimbetova***

***Telefon: (861) 222-75-91***